

# Tande, Panse ak Fè

## Aprantisaj pou suiv enstriksyon

“Tanpri tann.” “Manje espageti w la ak fouchèt ou a.”  
“Bay zanmi w lan fè tou pa l.” Lè timoun aprann aptitud pou yo suiv enstriksyon, sa ede yo aprann konpòte yo byen lè yo ak lòt moun.

### Nosyon Debaz

Tibebe yo ka suiv enstriksyon ki senp yo byen, tankou “bay manman boul la”. Jèn timoun yo bezwen devlope anpil aptitud pou yo byen suiv enstriksyon ki pi konplike yo. Yo bezwen gen kapasite pou yo tande. Yo bezwen konprann sa moun ap di yo epitou sonje chak etap. Epi yo bezwen gen bonjan aptitud pou yo ka fè sa yo mande yo a.

Anmenmtan timoun ap aprann suiv enstriksyon yo, yap bati endepandans pa yo tou. Yap teste kapasite yo genyen pou yo fè bagay yo nan pwòp fason pa yo. Kidonk, yo gendwa pa vle suiv enstriksyon w yo tout tan!

### Nòt:

Ou ka jwenn founiti ki souliyen yo nan kit ou a.

### Bagay ou ka Eseye fè ak Timoun ki gen Laj 2 jiska 5 lane

#### Vire, danse ak friz

- Souke yon foula anlè tèt ou. Mande pitit ou a pou li fè menm jan avèk ou. Apresa souke li anba toupre zòtèy ou. Fè yo fè menm jan avèk ou ankò. Fè yon mouvman alafwa. Eseye batmen, sote oswa vire. Apresa kite pitit ou a dirije.
- Fè de mouvman anmenmtan pou pitit ou a fè menm jan an. Souke foula anlè tèt ou epi sote. Oswa souke li pandan wap vire. Fè aksyon yo byen rapid oswa byen dousman. Mete mizik epi ankouraje pitit ou a suiv mouvman w yo. Youn apre lòt tann tou pa nou pou nou ka dirije!
- Jwe yon jwèt “dans friz”. Eksplike enstriksyon yo. Lè mizik la kòmanse, tout moun dwe danse. Lè mizik la kanpe, tout moun friz epi rete konsa toutotan yo kapab.

### Ann Kòmanse

Li pi fasil pou suiv enstriksyon lè enstriksyon yo klè. Itilize mo pitit ou a ap konprann. “Mete blòk ou yo sou etajè a.” Kite pitit ou a fini yon tach avan ou ba li enstriksyon pou li fè yon lòt tach. Aprann suiv enstriksyon mande antrenman ak anpil pasyans!



Plis! 

## Bagay ou ka Eseye fè ak Timoun ki gen Laj 2 jiska 5 lane

### Kous obstak

- Aliyen twa zòrye oswa lòt objè ki mou atè a pou kreye yon defi fizik ki senp pou pitit ou a. “Ranpe soti depi sou premye zòrye a pou ale sou dezyèm zòrye a. Apresa, soti nan dezyèm zòrye a ale nan twazyèm zòrye a.” Eseye “mache tankou yon chat” oswa “sote tankou yon lapen” oswa “glise tankou yon koulèv”.
- Konbine kèk defi ansanm pou fè yon kous obstak. Itilize yon bagay pou sote sou li, tankou zòrye. Ajoute yon bagay pou ranpe anba l, tankou yon chèz oswa yon tab. Epi ajoute yon bagay pou vire toutotou l, tankou yon bèt an pelich. Bay enstriksyon ki klè. Apresa... “Nou pare, ann ale!” Chanje lòd defi yo epi esye ankò.
- Soti deyò! Itilize yon baton lakrè pou twotwa pou desinen yon kous obstak. Fè liy pou mache sou yo, sèk pou sote ladan yo, espiral pou tounen ladan yo ak plis ankò. Eseye fè kous obstak la pandan wap mache, kouri oswa sote. Bay enstriksyon ki klè a chak fwa.



## Entèraksyon Toulejou

Fè manje oswa fè patisri ansanm. Li chak enstriksyon ki nan resèt la byen fò. Mande pitit ou a pou li ede w konprann enstriksyon yo. Apresa fè li ansanm.

Timoun renmen lè yap ede. Ba yo enstriksyon espesifik pou yo fè yon travay ki itil. “Mete fouchèt yo sou tab la pou dine a, tanpri.”

## Bay Egzanp, Obsève, Pratike

**“Ou vle pou mwen aliyen blòk yo tankou ray tren yo? Se yon bon ide! Mwen pral fè sa.”**

Bay egzanp sou kijan pou suiv enstriksyon yo – menm kèk nan sa pitit ou a ba ou yo!

**“Mwen renmen fason ou bwose dan w yo. Ou mete pat dantifris la nan bwòs la avan.”**

Obsève lè pitit ou a suiv enstriksyon yo. Deziyen sa yo te fè byen.

**“Tanpri mete blòk yo nan bwat la.” ... “Woy! Ou mete blòk ou yo sou yon pil atè a. Eseye ankò.”**

Aprantisaj pou suiv enstriksyon mande antrennman. Eseye pou pa kontrarye. Pafwa pitit ou a fè tout sa li kapab!